



# ACT AP AVANSE

---

AYITI COMMUNITY TRUST

Metè Kanpe yon Ayiti Djanmi



Rapò Anyèl 2022

Rapò Anyèl 2022

# Tab Matyè

ACT AP **AVANSE**

6

EKLERAJ SOU 2022

7

**KISA ACT YE:**

MISYON & PILYE ENPAK AN AYITI

8-9

ENPAK NAN ETAZINI

10-18

DONATE NOU YO


19

SOSYETE DESSALINES

20-22

MWAYEN FINANSYE

EVENMAN

A high-angle photograph of a nursery or agricultural setting. Several people are working with numerous black plastic trays filled with soil. One person in the foreground is wearing a black cap and a dark shirt, focused on a small object in their hands. Another person in a yellow shirt and blue shorts is visible in the background. The trays are arranged in rows, and the ground is covered with soil and small plants. The scene is brightly lit, suggesting an outdoor environment.

**Nou se yon fondasyon Kominotè  
transnasyonal baze an Ayiti ak  
Ozetazini epi nou kwè moun se  
pi gwo byen nou posede.**

# ACT AP MACHE





**Nap deplase  
mòn pou nou kore pi byen**

# MESAJ

## PREZIDAN NOU AN

“**AnnAvan**” se mo ki dekri pibyen ane 2022 an nan Aytiti Community Trust (ACT). Nou kontinye fè pwogrè nan anpil domèn enpòtan antan nou konsantre sou travay nou ak Seksyon Kominal yo ki dwe kontinye bay bon ranman. Twa potomitan nou yo: Anviwonman, Edikasyon Sivik ak Antreprenarya Sosyal se yon chemen pou konstwi yon Ayiti Djanm. Pandan lane 2022 an, nou te mete limyè sou Anviwonman alòske nan ane anvan yo nou te chwazi Edikasyon Sivik.

Aksan nou mete sou modèl dotasyon an, se yon fason pou nou fè konprann nou kontinye travay sou dosye sa pou yon bon bout tan.

Mwen vle pran yon ti moman pou remèsye sila ki te kòmanse avèk nou depi premye ane a epi ki toujou avèk nou jis jounen jodi ya an 2022. Yo rekonèt ACT pou konsistans li ak kontinwite li. Nou simen yon jou, rekòlte demen epi apresya ranmase rezilta efò nou yo. Reyisit gen pou fè pale de nou pandan anpil jenerasyon. Nou te kontinye angaje kominote nou an nan Kanpay United in Legacy a ki te fèt nan Mwa Eritaj Ayisyen an. Sa te vin mete anavan tèm Yon sèl Nasyon Ayisyen kap kontinye travay ansanm menm lèt bò fontyè. Nou òganize yon chita pale ak donatè yo pou pèmèt nou pi byen konprann kisa ki genyen pou reyalize nan domèn anviwonman an.

Pandan retrèt anyèl la nan Cap-Haitien, nou te dakò ak òganizasyon toupatou nan peyi a pou pataje meyè pratik yo, epitou pou diskite sou efò ki pou reyalize ansanm pou nou rive fè yon enpak, epinou pale sou anviwonman an. Nou te rasanble ekspè ki te gen pou yo rankontre patenè yo, epi sa ki pi enpòtan nou favorize patenarya lokal. Paegzanp, APV ki egziste depi plizyè dizèn lane yo te dakò pou kolabore epi ede bay boustè nan domèn ekonomi an.



**GHISLAIN GOURAIGE, JR.**  
**BOARD CHAIRMAN**

Zanmi ACT (FACT) ki te vwayaje avèk nou yo te ranpli plizyè otel ak restoran; yo te angaje gid touristik; achte pwodwi atizana manm ACT yo ak manifakti yo. Nou te fè yo konprann manm konsey la ansanm avèk moun ki enterese yo ap kontinye prezan an Ayiti.

Pandan sezon Otòn nan, nou te reyini pou lapremyè fwa depi pandemi an pou selebre kreyatè mòd Ayisyen yo nan Gala **Byen Chèlbè** nou an. Asistans la te bat anpil bravo pou Kreyatè nasyon nou an ki gen anpil talan epitou pou reyalizasyon travay ki te ekspoze. Sete yon aktivite trè enpresyonan epi asistans lan te abiye trè chik. Se yon aktivite moun pap dwe bliye. Kominote nou an kontinye grandi, donatè yo tou, menmjan ak sibvansyon yo ansanm ak benefisyè yo tou. Nap konplimante epi supòte tout sila kap fè pwogrè. Defi yo anpil men nou optimis, nou gen pozitivite ansanm ak detèminasyon.

**AYITI KAPAB! AN AVAN!**



# MESAJ PREZIDAN NOU AN

**GUERDA NICOLAS, PHD**

**CO-FOUNDER & PRESIDENT**

Fèm sonje bote kiltirèl kilti mwe an. Kijan ti moso seramik sa yo lè yo kole ansanm vin kreye yon espektak limyè moun pa kapab demanti. Se yon dans limyè ki merite pou moun gade. Se yon travay atistik ki merite pou yo selebre l. Se yon inifikasyon lavi ak yon sans atistik ki marye nan inivèsalite. Nou chak diferan, men ansanm nou fè YOUN.

Nap fè travay sa a depi anviwon 7 ane koulye a epi nou ta renmen eritaj Ayiti Community Trust la tabli yon presedan pou Mwen vle pran yon ti moman pou travay imanite a retounen jwenn diyite li. Pou li montre pi gwo defi ki gen piplis valè a an Ayiti, se Pèp la. Kwè Ayiti kapab epi li posib. Mete kanpe yon mekanis pou dirabilite, tankou yon fon donasyon. Kontinye bay lidè òganizasyon ki nan peyi a jarèt pou yo rive jwenn pwòp solisyon pa yo. Misyon nou anglobe tout inisyativ sa yo ki gen anpil valè. Nou remèsye w pou jantiyès ou ansanm

ak sipò ou. Kontribisyon finansyè w yo ap ede ACT sipòte pèp Ayiti a nan domèn Anviwonman, Antreprenarya ak Edikasyon Sivik. Plis pasesa, atravè Fon Relèvman Dezas patnè nou yo, ansanm avèk òganizasyon de baz yo nan tout pati Sid Ayiti rebati lavi yo epi poze fondasyon pou devlopman dirab.

Mèsi anpil pou jan ou ede nou ane saa epi jan wap kontinye ede nou. Nou gen lespwa nan yon Avni miyò pou Ayiti Community Trust.

# 2022

## HIGHLIGHTS



### FOWOM SOU ANVIWONMAN

ACT te prepare yon fowòm an Ayiti ki te met aksan sou travay enpòtan ki ap fèt nan pwovens Ayiti yo pou pwoteje anviwonman an.



### SELEBRASYON LAMÒN AYISYÈN

Gala Anyèl pou selebrasyon pou selebrasyon sa ki konsènan desinatè nasyon ak kreyatè



### ACT NAN RWANDA

ACT te participe nan Konferans Fowòm Afriken Filantropi pou premye fanm jij Lakou Siprèm ak Premye Fanm Prezidan d'Ayiti.





# Ayiti se Eritaj nou. .

## RASYON D EN

ane sa a sete  
re pyonye nan  
ènen lamòd ak  
nòd yo ansanm  
yo.



## AYITI SE ERITAJ NOU.

NOU TABLI TOUT KOTE  
NAN NASYON AN

Nou te òganize evenman  
kominotè nan kominote  
DC.nan Brooklyn,  
New Jersey, ak Texas.

## YO MEDAYE MADAME ERTHA PASCAL TROUILLOT

Nou te gen privilèj onore eritaj  
ak lidèship premye fanm Jij  
Lakou Siprèm epi premye  
fanm Prezidan Ayiti.



## FON RELEVMAN APRE DEZAS

Nou te pote sekou bay  
kominote riral ki tap  
rebati yo malgre defi nou  
te rankontre  
pi fò epi kwape defi  
aktyèl yo atravè  
inovasyon epi solis.

# AYITI COMMUNITY TRUST (ACT)

Se yon fondasyon kominotè transnasyonal ki sipòte inovasyon nan Ayiti atravè sibvansyon ak aktivite kominotè.

**MISYON** nou se pou sipòte ak soutni inovasyon devlopman an Ayiti (Ayiti) nan domèn edikasyon sivik, anviwònman, ak antreprenarya.

## AVANTAJ APWOCH ANKADREMANTAL LA

Pèp ayisyen an se pi gwo byen peyi a posede. Nou menm nan Ayiti Community Trust, nou kwè Ayiti ak pèp Ayisyen an depase defi ki anfas nou yo.

Antan yon fondasyon kominotè transnasyonal, nou travay nan yon fòm ki ap konsidere avantaj pèp Ayisyen an. Lè nou fokis sou fòs ak aspirasyon tout kolektivite a nou bati solisyon pou tout pèp Ayiti a ka benefisye.

## SOLISYON INOVATIF

Nouvo solisyon ki pi efikas ak dirab pou pou yon pwoblèm.

Inovasyon an jeneral enplike fouye byen fon pou aprann kòz ak rasin yon defi. Travay ansanm ak moun ki fè eksperyans defi a trè enpòtan anpil. Kòm yon egzanp, olye distribye manje bay kantin, travayè sosyal ta dwe travay nan kantin yo ansanm, pou diskite sou divès lide pou fasilite augmentasyon pwofi.

## KAD DEVLOPMAN KOMINOTE

Yon inisyativ devlopman ki bay kontwòl pwosesis devlopman an, resous yo, ak otorite pou pran desizyon dirèkteman nan gwoup nan kominote a.

Travay nan prensip transparans, patisipasyon, responsablite, ak kapasite lokal amelyore.

Fè manje yo vinn pi fasil pou achte. Se yon konsèp transdisiplinè yo vin aplike sou yon seri domèn yon fason pou kraze baryè pou pèmèt sosyete a patisipe, bese inegalite, fè pwomosyon entegrasyon, enklizyon, epi jistis.

## PILYE NOU YO




### ANTREPRENARYA

Estrateji sa konsantre sou mwayen ekonomik pou viv ki pèmèt nou sipòte inovasyon biznis ki ede stabilize ekonomi lokal la, epi fòme yon nouvo jenerasyon antreprenè.



### ANVIWONMAN

Ane sa a, **Enterè nou te konsantre sou Anviwònman an**. Nou te òganize yon Fowòm Anviwònman ki te reyini òganizasyon de baz atravè peyi a kap travay pou pote solisyon nan pwoblèm ki genyen rapò ak resistans klimatik epitou pou li bati yon rezo nasyonal inovatè devwe.



### EDIKASYON SIVIK

Patnè sibvansyon nou yo ede dirije kominote a yon fason pou li vinn angaje nan travay edikasyon sivik nan mitan sosyete a. Yo te bay konkou nan edikasyon sou devwa sivik, ansanm ak plizyè pwogram devlopman lidèchip pou jèn, fanm ak tifi.



# 2022

## BENEFISYE YO:

### BASKETBALL POU ANKADRE LAJENÈS (BAL)

**MISYON ÒGANIZASYON AN: BAL** sèvi ak baskètbòl kòm yon zouti pou edike ak konseye jèn ayisyen vilnerab yo. Anplis baskètbòl, manm yo patisipe nan yon pakèt aktivite edikatif ak ki pote anpil valè epi maksimize kapasite yo antanke sitwayen epi ede yo jwenn solisyon anpil pwoblèm. BAL baze andedan de katye nan Pòtoprens kote pa genyen sèvis de baz yo: Cité Soleil ak Matisan.

**OBJEKTIF PWOJE A:** BAL pwopoze sèvi ak finansman ACT pou lanse yon pwogram sitwayèn ki pral mobilize yon nouvo jenerasyon jèn lidè sitwayen. Patisipan yo pral resevwa fòmasyon inovatè nan edikasyon sivik ak sèvis kominotè ki pral ede yo grandi pou tounen ajan chanjman pou mete kanpe yon nouvo Ayiti. Y ap itilize yon pati nan fon yo resevwa yo pou kouvri depans fonksyònman òganizasyon an.

### SOLDARITÉ HAITIENNE POUR LE DÉVELOPEMENT DE KENSCOFF (SOHADERK)

**MISYON OGANIZASYON AN: SOHADERK** travay pou repare degradasyon anviwònman resous natirèl yo nan yon seri kominote nan mòn Kenscoff. Yo bay sèvis ekstansyon agrikòl ak fòmasyon inovatè pou yon rezò kiltivatè k ap grandi nan rejyon an ak nan Matisan.

**OBJEKTIF PWOJE A: SOHADERK** pral fòme rezò kiltivatè li yo sou itilizasyon bioangrè ak biopestisid pou ankouraje pratik agrikòl dirab ki pwoteje anviwònman an, ogmante revni kiltivatè yo, epi bay plis manje nourisan. Sa a pral sèvi kòm yon pwojè demonstrasyon ki ta ka elaji nan nouvo kominote atravè Ayiti yo pou ki mwayen pou viv yo depann sou agrikilti ak yon anviwònman natirèl epi djanm.

### COOPÉRATIVE DES ACTEURS DE PÊCHE D'ENVIRONNEMENT ET D'ÉLEVAGE (CAPEELAG)

**MISYON OGANIZASYON AN: CAPEELAG** se yon kowoperativ pechè ak asosyasyon lokal sou zile La Gonave k ap travay pou pwoteje ekosistèm kotyè yo ki enpòtan pou lavi yo ak byennèt yo.



**OBJEKTIF PWOJE A:** Mangrov yo se yon eleman esansyèl nan ekosistèm bò lanmè a. Ladan yo si kay pou espès maren ki gen anpil valè, yo anpeche ewozyon bò lanmè ak vag tanpèt yo, epi yo valei 10 fwa plis kabòn pase pye bwa ki pouse nantè yo. Konsa, koupe mangrov pou itilize nan pwodiksyon chabon menase egzistans yo anpil. CAPEELAG pwopoze pou konbat tandans sa a nan reyabilite forè mangrov La Gonave epi amenaje yon pak kominotè pou kabrit pou kreye nouvo sous revni ki ka ede konpanse lajan pwodiksyon chabon an te kapab pote.

## ACTION TOWARD INITIATIVES AND VOLUNTEERING FOR EDUCATION IN HAITI (ACTIVEH)

**MISYON OGANIZASYON AN:** ACTIVEH itilize pasyon ak potansyèl elèv yo kòm yon fòs pou chanjman pozitif. Yo ede jèn yo kanalize enèji yo nan direksyon estaj pwofesyonèl ak pwojè sèvis kominotè gratis an Ayiti.

**OBJEKTIF PWOJE A:** Avèk sipò finansman ACT, ACTIVEH pral amelyore pwogramasyon ki egziste deja li genyen nan plizyè domèn kle:

## EKLERAJ + ENPÒTAN

2022 pou lapremyè fwa nou te seleksyone yon òganizasyon/benefisyè nan Depatman Nò Ayiti (**Limbe**)

**BAL/CAPEELAG/SOHADERK** resewa yon 2èm alokasyon finansyè pou finanse pwojè a (2023)

Konkou AGRI-BIO a te kòmanse an 2022, sepandan evalyasyon final yo te fèt an 2023.

Konstriksyon te kòmanse pou 2 sant kominotè (youn nan chak kominote **Lièvre** ak **Twarak**) ak 5 kay nan chak kominote.

Deplasman nan piplis **SEKSYON KOMINAL** (10)

**Lievre, Toirac, Port-au-Prince, Cite Soley, Limbe, Vali, Thomonde, Kenskoff, (2 sites nan Capeelag).**

- Rekrute ak fòme nouvo manm pou sèvi nan pwojè sèvis kominotè volontè.
- Ogmante pwogram Aksyon Ekolojik li a pou ankouraje edikasyon sivik ak anvivwònman an epi fòmé plis "sitwayen ekolojik"
- Elaji inisyativ Women in Power li a ki bay konsèy ak oryantasyon karyè pou jèn fi yo.
- Bay fòmasyon alfabetizasyon dijital.

# PWOGRAM: ENPAK NAN ETAZINI

Chanje jan yo konprann istwa peyi ak pèp li a

Ogmante enpòtans istwa konte a ansanm ak kominote a

òganize yon kominote moun ki ap ranmase konesans sou istwa yo, kilti yo ak peyi yo

Angaje nasyon ayisyen nan filantropi

Desensibilize ak refòme mantalite Ayisyen yo pou yo foki sou byennèt kolektif ak devlopman kominotè

## REFLECHI SOU "GWO EVENMAN"

**AYITI KONÈK:** Pawòl pou ede konstwi yon Ayiti pi rich

### PWOGRAM AKTIVITE NAN BROOKLYN:

5/7/22: Atelye sou Istwa nou pa konnen sou Drapo Ayisyen ak lòt ankò

Ayiti Community Trust te lanse premye pwojè kat la nan ògsnizasyon pwofesyonèl Ayisyen nan Sid Florid epi tradui dokiman an nan lang Kreyòl. Pataje rezilta yo

9/10/22: Ouigi Theodore, ACT Manm Komisyon Konsèy la nan etablisman li a: The Brooklyn Circus



# Nap Konstwi yon Peyi



## KAT KOMINOTE A

Ayiti Community Trust te lanse premye pwojè kat la nan ògsnizasyon pwofesyonèl Ayisyen nan Sid Florid epi tradui dokiman an nan lang Kreyòl. Pataje rezilta yo

Pataje Modèl Travay la ak Lòt òganizasyon Kominotè

## ON TOUR

Ouvèti Segman: ACT Istwa yo pa Rakonte sou Drapo Ayisyen yo

New Jersey - Dr. Guerda Nicolas

Fort Lauderdale — Dr. Tacha Janac (ACT Manm Konsey Ayiti ) Community Trust

# DONATÈ NOU YO

POUVWA DEVLOPMAN  
KOMINOTÈ POTE

## 50K-100K

MOUVMAN REZO AKSYON LAFANMY INC. MAJISTRA  
DANIELLA LEVINE CAVA- MIAMI DADE COUNTY

## 25K-50K

FONDASYON JWIF MIAMI

## 10K-25K

AMOS HOSTETTER, JR

ANONYMOUS

COMMISSIONER JEAN MONESTIME MIAMI  
DADE COUNTY DISTRICT 2

CHI COMMUNITY HEALTH OF SOUTH FL DON

D'ADESKY CHARITABLE FOUNDATION

GREEN FAMILY FOUNDATION

HARPER MEYER

LOGEMENT LLC

MIAMI FOUNDATION

SOLANGES VIVENS FOUNDATION TEEM A

NJ NONPROFIT ORGANIZATION



## OU PREZANTE TOUT REKONESANS AK GRATITID NOU BAY

Tout sipòtè ki toujou ap ede nou yo. Kokenn kontribisyon nou yo montre ansanm nou fè pati yon kominote ki gen yon menm vizyon sou avni Ayiti.

### 5K-10K

BAPTIST HEALTH SOUTH FLORIDA  
BEROTTE CONSULTANCY ASSOCIATES  
FLORIDA HUMANITIES  
HOLLAND & KNIGHT  
MACKENZIE GROUP INC  
MAYORS FND NY CORP  
VIS PREZIDAN OLIVER GILBERT, III - MIAMI  
DADE COUNTY DISTRICT 1  
NORTHERN TRUST

### 500-2.5K

ANA BURAGLIA  
ANONYMOUS (3)  
ARLENE J. FORD & CHRISTOPHER PAUL REYNOLDS  
ASSOCIATION OF EXCHANGE AND DEVELOPMENT  
CLAUDINE MICHEL  
COREY FAUSTIN  
CFLEADS  
DAVID JOHNSON  
DEBORAH SCHNEIDER  
EDUCATE TOMORROW  
FLORIDA INTERNATIONAL UNIVERSITY  
GEMIMA ST. LOUIS  
G RITA DUDLEY GRANT  
HERB BROWN  
JAMES CADET  
JEREMY SMITH  
JEAN-RALPH THURIN  
JIN YOUNG SEO  
KIMBERLY KENT  
LASANA SMITH  
LUCY WAINGER  
MARGUERITE LATHAN  
MARIE DENISE GERVAIS MD  
MARIE MONTANEZ  
MICHEAL SYMONDS  
MICHEAL VILLASANA  
NADEGE FLEURIMOND  
NICOLAS CHARLES  
NINA KOGAN  
OSCAR BARBARA  
PATRICK MARTIN  
PATRICK PIERRE-LOUIS  
PAOLA MATHE  
PIERRE FOUCHE  
PROGRESSIVE ADVOCATES FOR CHANGE STEPHANIE ROLLE  
TASH ELWYN  
THE HUMEZ AND MAESSEN FUND TONI RANDOLPH  
VOICE OF GIRLS CAN MOE MOUNTAINS, INC  
WENDY HOLT

### 2.5K-5K

CAROLE M. BEROTTE JOSEPH  
CHARITIES AID FOUNDATION AMERICA  
COMMISSIONER DANIELLE COHEN HIGGINS  
MIAMI DADE COUNTY DISTRICT 8  
DEIRDRE PONTBRIAND  
GHISLAIN GOURAIGE  
GUERDA NICOLAS  
HARRY LAROSILIERE  
HANNAH BRANDES  
JAMES MEYER  
JEAN-PIERRE TROUILLOT  
JOELLE CERGE  
MARTHE LAROSILIERE  
OUIGI THEODORE  
PAMELA UNGAR  
RESEARCH FOUNDATION OF THE CITY  
UNIVERSITY OF NEW YORK



# SOSYETE DESSALINES

## 2.5K+ MOUN

**ANONIM (1)**  
**DEIRDRE PONTBRIAND**  
**HARRY LAROSILIERE**  
**MARTHE LAROSILIERE**  
**VINCENT CONIGLIO**


“Nou te oze  
 pran libète  
 nou. Annou aji  
 tankou moun  
 ki goumen pou  
 pran libète yo.”

-Jean-Jacques  
 Dessalines

Non **Dessalines Society** honore **Jean-Jacques Dessalines**, premye anprè Ayiti ki apre Batay Vertières an 1803, te deklare tout moun ki sou tè Ayiti a fèt pou gen lavi ak libète. Non ki ekri anba yo se non moun ki kontribye pou sipòte Fon Jeneral nou an. pou yon montan \$2500 ak piplis. Nou kontan endike non moun ekstraòdinè sa yo k ap ede kreye yon Ayiti dirab.


# TOTAL DON POU AYITI COMMUNITY TRUST | IN USD

## 2016 POU 2022



# BYEN MIAMI FONDASYON POSEDE | IN USD

## 2016 POU 2022



# AKTIVITE

## INITE NAN ERITAJ

Ayiti Community Trust (ACT) te lanse Zyèm prezantasyon Anyèl Ini nan Eritaj la nan Cap Haitien, Ayiti nan mwa me a nan Citadelle Laferrière ki apresya te fè yon pwomnad kote nou mache apye ansanm samdi 10 desanm nan Miami, FL. Kanpay sa a te yon opòtinite pou mete ansanm kominote a ak patisipan yo pou yo konekte ak rezo yo ki toupatou pou fè sansibilizasyon epi angaje yo nan ACT. Sipò patisipan yo ak donatè yo te pèmèt kolekte prèske \$11,000.



## GALA ANYÈL LA

Samdi 15 oktòb la, plis pase 300 envite ki te abiye ak teni Byen Chèlè yo (trè chik ak elegant) te enstale nan Paradise Plaza la. Evènman sa a te onore lespri ak kreyativite kominote nou an pandan l ap sipòte travay enpòtan pou konstwi yon Ayiti dirab. Espas la te trè byen amenaje pou yon ekspozisyon pou yon defile mòd ak dezay sansasyonèl ak dekorasyon resipyandè nou yo te prepare ak prezante.

Pwofesè Bayyinah Bello fè yon prezantasyon pou onore eritaj eksepsyonèl Madame Ertha Pascal Trouillot (ki pa t kapab prezan an pèsòn akòz yon maladi fanmi) ak yon prezantasyon remakab Grandèt nou yo. ACT te onore 16 konsèptè ak kreyatè:

**OUGI THEODORE  
PRAJJE OSCAR  
MARITZA GUERRIER  
PHELICIA DELL  
VALERIE LOUIS  
STELLA JEAN  
ABIGAIL PETIT  
DAYANNE DANIER  
JEAN RALPH THURIN  
MERLINE THERMORA  
CLAUDIA APAID  
MIKO GUILLAUME  
VALERIE BLAISE  
PASCAL THEARD  
SOPHIA DEMIRTAS  
VENNY ETIENNE**

ANNUAL GALA

# Byen Chèlbè.

Saturday | October 15, 2022  
Paradise Plaza, Miami, FL

## SPONSORS

### CATHERINE FLON

**Komisè Jean Monestime - Miami Dade County District 2**

### TOUSSAINT L'OUVERTURE

Harper Meyer

Vivens Media Group

Green Family Foundation

### AYITI CHERIE

Baptist Heath

Northern Trust

Holland and Knight

Berotte Consultancy Associates

Vice Chairman Oliver Gilbert, III - Miami Dade County District 1

Chairman Pepe Diaz - Miami Dade County District 12

Solutions Focus Consulting

Councilwoman Estime-Irvin - North Miami District 2

## ESPONSÒ NOU YO

Our dynamic hosts Tico Armand and Samuel Dameus

Performances by NSL Danse Ensemble and the hit band KLASS

Haitian artist Alphonse from Alpi Fine Arts

Miami Dade College Students and Volunteers

And all who helped make the evening a success

## KOMITE AKEY

ALISON AUSTIN

JOELLE CERGE

HRM QUEEN MOTHER SÈMÉVO

DR. DÒWÒTI DÉsir

DR. BEATRIZ GONZÁLEZ

GHISLAIN GOURAIGE JR

MERDOCHEY T. LAFRANCE

JAMES MEYER, ESQ

DR. GUERDA NICOLAS

DR. SOLANGES VIVENS





## AKTIVITE

Ayiti Community Trust (ACT) te louvri an 2016 avèk yon konsèy yon ekip te dirije. Ansanm, Konsèy Direksyon sa a te twouse manch chemiz li pou tabli valè esansyèl ak pilye ki ta dwe sèvi kòm estrikti ak fondman pou travay fondasyon an. Jounen jodi a, òganizasyon an deja kreye plis pase 10 sektè travay epi angaje plis pase 30 volontè chak ane. ACT kontinye ap bay enstitisyon an jarèt pandan li konsantre li nan rasanble yon konsey ki fòme ak manm, anplwaye, ak volontè solidè ki kore sou valè ki fòme baz fondasyon an.





ACT AP **AVANSE**

**AYITI COMMUNITY TRUST**

Building a Sustainable Ayiti

[AYITICOMMUNITYTRUST.ORG](http://AYITICOMMUNITYTRUST.ORG)

+1.888.814.1804 - F : +1.305.901.1814

[INFO@AYITICOMMUNITYTRUST.ORG](mailto:INFO@AYITICOMMUNITYTRUST.ORG)

201 S. BISCAYNE BLVD SUITE 800 MIAMI, FL 33131

[@AYITICOMMUNITYTRUST](https://www.instagram.com/AYITICOMMUNITYTRUST)